**दिन—मंगलवार** **दिनांक—30.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग विशेष गहन पुनरीक्षण प्रक्रिया पूरा कयलाक बाद आइ अंतिम मतदाता सूचीक प्रकाशन कऽ देलक। मतदाता लोकनि चुनाव आयोगक वेबसाईट वोटर्स डॉट इसीआई डॉट जीओवी डॉट आइएन पर जा कऽ अपन नामक पुष्टि कऽ सकैत छथि। इएह सूचीक आधार पर विधानसभा चुनाव कराओल जायत। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल सोशल मीडिया एक्स पोस्टक माध्यम सँ ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे जिला मुख्यालयक संग—संग विधानसभा क्षेत्रक स्तर पर सेहो मतदाता सूची उपलब्ध होयत। मतदाता सूची सभ मतदान केन्द्रक संग—संग जिला, अनुमंडल आ प्रखंड कार्यालयक सूचना पट पर सेहो लगाओल जायत। अंतिम मतदाता सूची मे सात करोड़ बेयालीस लाख मतदाता सम्मिलित छथि। जाहि मे एकतीस लाख तिरपन हजार नव मतदाता सम्मिलित भेल छथि। दरभंगा जिला मे बेरासी हजार नओ सय नव नाम मतदाता सूची मे जोड़ल गेल छथि। ओतहि खगड़िया मे पच्चीस हजार नओ सय अड़सठि नव मतदाता सम्मिलित भेलाह। आयोग कहलक अछि जे बिहारक बाद मतदाता सूची के संशोधित करबाक लेल ई अभियान पूरा देश मे आयोजित कयल जायत।

———————————————————

निर्वाचन आयोग आइ बिहार विधानसभा चुनाव के लऽकऽ सुरक्षा—व्यवस्थाक उच्च स्तरीय समीक्षा कयलक। मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार वीडियो कांफ्रेन्सक माध्यम सँ आइ प्रदेशक सभ वरिष्ठ अधिकारी, प्रमंडलिय आयुक्त, वरिष्ठ पुलिस अधिकारी, जिला पदाधिकारी आ वरीय पुलिस अधीक्षक लोकनि संग सुरक्षा—व्यवस्था सँ जुड़ल विभिन्न बिन्दु पर विमर्श कयलनि। एहि क्रम मे जिला मे उपलब्ध पुलिसबल, चेक पोस्ट, सुरक्षा रणनीति आ नदी तथा आनो दुर्गम क्षेत्र मे सुरक्षा—व्यवस्थाक समीक्षा कयलनि।

———————————————————

बिहार विधान परिषदक रिक्त भेल आठ सीटक चुनाव लेल मतदाता सूची बनेबाक काज आइ सँ शुरू भऽ गेल। एहि संग मतदाता सूची मे नाम सम्मिलित करेबाक लेल योग्य मतदाता लोकनि सँ आवेदन स्वीकार कयल जा रहल अछि। आवेदनक अंतिम तिथि छओ

नवंबर निर्धारित अछि। जाहि सीट सभ पर चुनाव हेबाक अछि ओहि मे पटना, दरभंगा, तिरहुत ओ कोसी स्नातक निर्वाचन क्षेत्र आ पटना, दरभंगा, तिरहुत तथा सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सम्मिलित अछि।

————————————————————

शारदीय नवरात्रक नवम् दिन आइ देवी दुर्गाक आठम स्वरूप महागौरीक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे देवीक महागौरी स्वरूपक आराधना सँ भक्त लोकनि के सुख–सौभाग्यक प्राप्ति होईत अछि। माता के ई स्वरूप अभय, रूप आ सौंदर्य प्रदान करयबला होइत अछि। महाष्टमीक अवसर पर प्रदेशक शक्तिपीठ आ सिद्धपीठ सभ मे श्रद्धालु लोकनि भगवतीक विशेष पूजा मे लागल छथि। मिथिलांचलक उच्चैठ स्थित भगवती स्थान, उग्रतारा स्थान समेत आनो भगवती स्थान मे साधक लोकनि साधना मे लीन छथि। एकर अतिरिक्त विभिन्न चौक–चौराहा पर आकर्षक ढंग सँ पंडालक निर्माण कऽ ओहि मे भगवती दुर्गाक प्रतिमा मे प्राण–प्रतिष्ठाक बाद पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। आइ भगवती के खोइंछ सेहो भरल जा रहल अछि। खोइंछ भरबाक लेल महिला लोकनिक भीड़ देखल गेल। आइए श्रद्धालु लोकनि कन्या पूजन सेहो कयलनि। दुर्गा पूजाक अवसर पर कतेको ठाम रामलीला, गरवा आ डांडिया महोत्सवक आयोजन सेहो कयल जा रहल अछि।

————————————————————

केन्द्रीय खाद्य प्रसंस्करण उद्योग मंत्रालय पटना मे क्षमता अभिवृद्धि केन्द्रक स्थापना कयलक अछि। केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान आइ एकर उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे खाद्य प्रसंस्करण तंत्रक कार्य प्रणाली के मजगूत करय पर जोर देल जा रहल अछि।

————————————————————

आकाशवाणी दरभंगा मे चलि रहल हिंदी पखवाड़ा समारोह के आइ समापन भऽ गेल। कार्यक्रम मे केन्द्रक अभियंत्रण आ कार्यक्रम विभागक कर्मचारी आ अधिकारी लोकनि भाग लेलाह। एहि अवसर पर ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक हिंदी विभागाध्यक्ष डॉक्टर उमेश कुमार कहलनि जे हमर संस्कृति हिंदी भाषा सँ जुड़ल अछि।

————————————————————

हिंदी आ उर्दूक साहित्यकार, विश्लेषक आ कतेको पुरस्कार सँ सम्मनित डॉक्टर कासिम खुर्शीदक आइ पटना मे निधन भऽ गेलनि। हुनक निधन पर कतेको गणमान्य लोक दुख व्यक्त कयलनि अछि।

भागलपुर विश्वविद्यालय सँ जुड़ल एबीवीपीक छात्र नेता लोकनि आइ राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां सँ पटना स्थित राजभवन मे भेट कयलनि।

——————————————————————

समाप्त